

<Dat>

<Non/Siyati Manm nan>

<Adrès 1>

<Adrès 2>

<Vil>,

<Eta>, <KOD POSTAL>

Chè <Non/Siyati Manm nan>:

Apati 1ye mas 2024, MetroPlusHealth pral kouvri sèvis mobil triyaj ak repons nan telefòn lè gen kriz pou manm ki gen mwens pase 21 an. Sèvis sa a gentan disponib pou manm ki gen 21 an e ki pi gran yo.

Nan moman an, manm ki gen mwens pase 21 an yo ka gen aksè ak sèvis mobil triyaj ak repons nan telefòn lè yo itilize kat Medicaid yo. Apati 1ye mas 2024, ou ka itilize kat asirans MetroPlusHealth ou a pou w resewva sèvis sa a.

Ekip k ap jere kriz yo ka ede w, pitit ou, oswa manm nan fanmi w ak sante mantal ak sentom kriz depandans. Pami sentom sa yo, w ap jwenn:

- anksyete k ap ogmante,
- depresyon,
- strès akoz yon gwo evènman oswa chanjman nan lavi a, oswa
- bezwen pale ak yon moun pou anpeche w deteryore.

Ou menm ak fanmi w ka rele epi pale ak yon pwofesyonèl konsènan yon kriz, jwenn sipò, epi konekte ak lòt sèvis lè sa nesesè.

Nou mete ajou manyèl manm ou an pou mete nouvo ajantaj sa a. Mizajou sa a disponib sou sit entènèt nou an sou: <https://metroplus.org/>. Manyèl enfòmasyon pou manm yo gen enfòmasyon konsènan lòt kriz MetroPlusHealth kouvri y tou.

Si w na moman kriz, ou ka rele oswa voye yon mesaj nan 988 oswa pale nan mesaj sou www.988lifeline.org 24 sou vennkat, 7 sou sèt.

MetroPlusHealth la pou ou.

Tanpri rele sèvis manm yo nan 800.303.9626 (TTY: 711) si w:

- Gen nenpòt kesyon sou lèt sa a;
- Vle resevwa sèvis sa yo;
- Pa ka antre sou sit entènèt nou an pou w wè mizajou; oswa
- Vle yo voye mizajou manyèl manm nan pou ou pa lapòs.

Sensèman,

MetroPlusHealth